

KADURJANAN SAJRONE NOVEL DAHURU ING LOJI KEPENCIL ANGGITANE SUPARTO BRATA (TINGINGAN PSIKOLOGI SOSIAL)

Ainin Nadziroh, Drs. Bambang Purnomo, M.Si

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
ainin.nadziroh13@gmail.com

Abstrak

Kadurjanan mujudake tumindak sing bakale ngrugekake liyan, ngrusak, lan asusila. Akeh karya sastra sing diripta pengarang sing nyritakake bab kadurjanan utawa tumindak kasar. Kadurjanan minangka fenomena Psikologi Sosial mujudake gegambaran ngenani prekara-prekara sosial sajrone bebrayan. Tindak durjana utawa tindak kriminal bisa kawujud amarga anane bab-bab kang asipat psikologis. Faktor sosial kaya dene frustasi mujudake unsur dominan kang mangaribawani tumrap tindak durjana.

Underane panliten iki yaiku (1) kepriye gegambaran kadurjanan sajrone novel DILK; (2) apa wae sing njalari dumadine kadurjanan sajrone novel DILK; (3) kepriye pamungkasing kadurjanan sajrone novel DILK. Tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake gegambarane kadurjanan sajrone novel DILK; (2) ngandharake apa wae sing njalari dumadine kadurjanan sajrone novel DILK; (3) ngandharake pamungkasing kadurjanan sajrone novel DILK. Paedahe panliten yaiku ngrembakake panliten sastra mligine sastra Jawa modern, bisa nambahi kawruh tumrap pamaca lan bisa didadekake bahan rujukan dening panliti sabanjure.

Panliten iki nggunakake teori Psikologi sastra, mligine Psikologi Sosial. Metodhe sing digunakake sajrone panliten yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Sumber dhatane panliten arupa novel *Dahuru ing Loji Kepencil* lan koran-koran, sarta majalah-majalah basa Jawa kayata Jayabaya lan Panjebur Semangat. Dhatane panliten yaiku frase, tembung lan ukara sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*. Olehe nglumpukake dhata kasebut digunakake teknik kapustakan.

Asile panliten iki bisa diperang dadi telu adhedhasar underane panliten. Sepisan, gegambaran utawa wujud kadurjanan sajrone novel ing antarane yaiku (1) merjaya, (2) nyolong, (3) ngrudapeksa, (4) nggunakake gaman/senjata, (5) nyerang. Kapindho, sing njalari dumadine kadurjanan yaiku, (1) nuju ing kebebasan, (2) frustasi, bisa diperang maneh dadi telu yaiku frustasi iku dhewe, tumindak kasar ing media, ngombe inuman mendemi, (3) faktor psikologi, bisa diperang maneh dadi loro yaiku kurange pendidikan, lan ora bisa ngendhalekake awak, (4) faktor sosial anane kadurjanan disebabake saka pangaribawane kanca.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Kadurjanan mujudake tumindak sing bakale ngrugekake liyan, ngrusak, lan asusila. Tumindak durjana utawa kriminalitas kaanggep ngrusak lan bisa ngrukekake liyan amarga ora selaras karo nilai-nilai sing ana ing masyarakat, kayata nyolong, ngrampok, merjaya, lan sapiturute.

Potensi alamiah sing diduweni dening manungsa suwe-suwe, banjur ora dadi patrap budaya ing masyarakat utawa ndadekake karakteristik sosial. Bab mau dijalari karana masyarakat Indonesia ing jaman biyen dudu masyarakat sing nduweni budaya *kekerasan* ananging rasa sing diwangun masyarakat yaiku rasa tanggung jawab, rukun marang liyan uga tepa selira sing dadi tetengere bangsa iki. Saka andharan mau, bisa didudut yen sajrone bebrayan ana *hukum-hukum* psikologis. *Hukum-hukum* psikologis sing gayut karo kadurjanan kaya agresif sing bakale dadi ide panliten iki.

Akeh pawadan sing njalari wong kanggo tumindak kasar lan jluntrunge tumindak durjana. Kayata kacingkrangan sing dadi panyabab utama, kasusul anane faktor agama, politik, lan liya-liyane. Salah sawijine faktor sing njalari tindak kriminal utawa kadurjanan kang diandharake dening Qadiry (1993) yaiku anane faktor-

faktor psikologis. Kayata kurange pendhidhikan, ora bisa ngendhalekake awak, bisa ndadekake pawongan mau tumindak durjana.

Akeh karya sastra sing nyritakake bab kadurjanan utawa tumindak kasar. Karya sastra mau nggambarake panguripane manungsa sajrone bebrayan. Nalika pangripta nyuguhake gegambarane masyarakat, ide lan gagasan ngenani sastra mau ditindakake dening pengarang nalika maca kang tliti tumrap manungsa lan lingkungan sosial. Bab mau laras karo andharane Wellek lan Werren (1990:170) yen sastra mujudake pengalaman urip sawijine manungsa.

Para pangripta akeh kang nganggit karya sastra kanthi objek kadurjanan, wujud kayata cerkak, cerbung, apa dene novel. Salah sawijine karya sastra sing dadi ide panliten iki yaiku novel anggitané Suparto Brata kanthi irah-irahan *Dahuru ing Loji Kepencil*. Novel mau mujudake novel kanthi *genre* semi detektif. Ing jagade kasusastran ana sawijine wujud karya sastra arupa novel kanthi *genre* detektif.

Novel *Dahuru ing Loji Kepencil* sing sabanjure dicekak dadi DILK mau bisa narik kawigaten amarga akeh pawadan sing njalari dumadine kadurjanan dilarasake karo teori Psikologi Sastra mligine Psikologi Sosial. Saliyane iku, sing banget narik kawigaten saka novel iki yaiku carane paraga wanita kanthi katiyasane

bisa mbrastha para durjana. Novel *Dahuru ing Loji Kepencil* nyritakake katiyasane Deri Karnasih, paraga wanita uga paraga utama kang wektu iku lagi *honeymoon* kasil mbrastha para durjana sing wis ngganggu ketentremaning Santanu lan Deri ing loji kepencil. Gegambaran kadurjanan sajrone novel yaiku merjaya, nyolong, ngruda peksa, myerang, lan nggunakake gaman. Bab sing njalari dumadine kadurjanan dilandhesi saka anane faktor-faktor kayata *frustasi*-penyebab kuwat agresi, faktor psikologis, lan faktor sosial. Kanthi katiyasane Deri Karnasih sing kadhapuk dadi paraga utama, prekara mau bisa dirampungake. Novel mau nengenake prekara-prekara sajrone panguripane manungsa. Prekara-prekara sing diadhepi dening paraga-paraga sajrone novel mau, nuwuhake banjur mrabawani aspek sosiale.

Novel kanthi irah-irahan *Dahuru Ing Loji Kepencil* trep yen ditindingi mawa tintingan Psikologi Sastra, mligine Psikologi Sosial. Novel mau ngandhut salah sawijining prekara sosial ing bebrayan yaiku kadurjanan. Psikologi Sosial utawa ilmu jiwa kang gegayutan tumrap wong liya mujudake sawijine cabang ilmu psikologi kang tuwuh sajrone masyarakat modern. Teori Psikologi Sosial (Robert A. Baron: 2005) nengenake masalah agresi. Agresi mujudake pasiksan kang disengaja kanggo nglarani wong liya. Agresi manungsa tuwuh utamane saka anane dorongan faktor-faktor njaba (*eksternal*) kanggo nglarani pawongan liya. Saka anane dorongan nglarani pawongan liya kuwi mau banjur tuwuh tumindak kasar, tumindak degsiya, tumindak durjana kang bakale ngrugekake wong liya.

Adhedhasar andharan mau, bakal ditindakake panliten kanthi irah-irahan "*Kadurjanan Sajrone Novel Dahuru Ing Loji Kepencil Anggitane Suparto Brata*" kanthi tintingan Psikologi Sosial, yaiku kanggo ngandharake wujud kadurjanane paraga sajrone novel.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang wus diandharake ing ndhuwur, underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye gegambaran kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*?
- 2) Apa wae sing njalari dumadine kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*?
- 3) Kepriye pamungkasing kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten mau, mula panliten iki nduweni ancas kaya ing ngisor iki:

- 1) Ngandharake gegambaran kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*.
- 2) Ngandharake apa wae sing njalari dumadine kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*.
- 3) Ngandharake pamungkasing kadurjanan sajrone *Dahuru ing Loji Kepencil*.

Paedahe Panliten

Paedahe panliten sing dikarepake dening panliti yaiku bisa diperang dadi loro kaya ing ngisor iki:

- 1) Paedah Praktis
 - Tumrap panliti sastra, panliten iki diajab bisa dadi pambandhing saengga bisa narik kawigaten kanggo panliten sabanjure.
 - Tumrap pengajaran sastra, panliten iki diajab bisa dadi landhesan kanggo mangerteni karya sastra saengga bisa menahi kawruh sing luwih jembar bab sastra.
 - Tumrap pamaos, panliten iki bisa nambahi kawruh ngenani sastra, mligine bab teori sosiologi sastra.
- 2) Paedah Teoretis
 - Panliten iki diajab bisa ngrembakakake panliten sastra Jawa, mligine sastra Jawa modern.
 - Panliten iki diajab bisa ngrembakakake panliten sastra Jawa, mligine kanthi tintingan Psikologi Sosial.

Wewatesane Tetembungan

- 1) Durjana
Durjana yaiku wong ala, maling. Perangan saka tumindak sing ora becik, bisa sinebut kadurjanan (tumindak kanthi ora jujur). (Sudaryanto, 2001).
- 2) Kadurjanan
Kadurjanan yaiku tumindak ala kanthi ora jujur. Kadurjanan sing memper karo kriminalitas yaiku tumindak sing bisa ngrugekake liyan uga tindak pidana sing nglanggar ukum. (Sudaryanto, 2001).
- 3) Kriminalitas
Kriminalitas yaiku tumindak ngenani kadurjanan lan tindak pidana sing nglanggar ukum uga bisa ngrugekake liyan. (Hendrojono, 2005:2).
- 4) Novel
Novel yaiku media paling amba lan kedadeyan utawa perkara sing dicritakake luwih gamblang. tinulis kanthi nggunakake basa sing biyasa kayata basa padinan sing digunakake dening masyarakat. (Ratna, 2011:335-336).
- 5) Psikologi Sosial
Psikologi Sosial yaiku wujud kagiyatan-kagiyatan manungsa, lan khusus sajrone hubungan tumrap kahanan-keahanan sosial. (Baron, 2005: 136).
- 6) Agresi
Agresi mujudake pasiksan kang disengaja kanggo nglarani wong liya. (Baron, 2005: 137-138).
- 7) Teori Dorongan
Teori-teori kang ngandharake yen agresi tuwuh saka faktor-faktor njaba kang bisa nuwuhake niat kanggo nglarani pawongan liya. (Baron, 2005: 138).
- 8) Teori Modern tumrap Agresi
Agresi tuwuh saka variabel input; nduweni pangaribawa tumrap keterangsangan, tahap afektif lan kognisi. (Baron, 2005: 139).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Kadurjanan

Kadurjanan utawa kriminalitas mujudake tumindak kang ora becik sarta bisa ngrugekake wong liya. Tumindak kriminal utawa kadurjanan kasebut ora kabentuk saka lair utawa saka keturunan. Tembung kriminalitas uga kerep sinebut kadurjanan. Sudaryanto (2001), kriminalitas yaiku tumindak sing nglanggar ukum pidana. Individu utawa kelompok nalika gagal anggane ngupayakake kepentingane lan nuwuhake akibat sing ora becik tumrap bebrayan utawa nggawe ora tentrem sajrone bebrayan, bisa diarani manawa tumindak kasebut minangka salah sawijine tumindak durjana utawa kriminalitas.

Kriminalitas bisa wae ditindakake kanthi cara sadhar lan ora sadhar. Kriminalitas sadhar yaiku kanthi cara dipikirke, direncanakake, lan diarahake ing salah sawijine maksud kanthi cara sadhar. Kriminalitas sing setengah sadhar uga bisa ditindakake amarga anane faktor-faktor tartamtu. Tuladhane, salah sawijine Ibu sing rumangsa gregeten marang anake amarga ngonangi anake omben-omebn alkohol, kanthi ora sadhar Ibu ngantem anake nganggo bata utuh nanging tanpa disadhari anake tilar donya. Tumindak mau wis kagolong tumindak durjana utawa kriminal amarga nyebabake oncate nyawane uwong.

Kadurjanan minangka fenomena Psikologi sosial mujudake gegambaran ngenani prekara-prekara sosial sajrone bebrayan. Tindak durjana utawa tindak kriminal bisa kawujud amarga anane bab-bab kang asipat psikologis. Faktor sosial kaya dene frustasi mujudake unsur dominan kang mangaribawani tumrap tindak durjana. Bab mau selaras karo andharane Atkinson (2009:15) yen psikologi iku perangan ilmu sing nyinaoni babagan solah bawa lan proses mental manungsa. Psikologi bisa menahi kawruh ngenani sebab musababe kena ngapa manungsa mau tumindak lan nduweni pamikiran rena-rena kayata tumindak agresi kang bisa nyebabake sawijine pawongan nduweni tujuwan kanggo nglarani liyan.

Tumindak kriminal ora mung winates ing salah siji kadurjanan, kayata ngrampok. Tumindak kriminal utawa kadurjanan bisa ditindakake kanthi cara terang-terangan utawa mawi cara ndhelik-ndhelik. Kartono (2007:157) ngandharake manawa bab sing kalebu tumindak-tumindak kriminal utawa kadurjanan ing antarane yaiku: 1) merjaya, nyembelih, nekek nganti kurbane mati, lan ngracuni kurban nganti mati, 2) ngrampas, ngrampok, nyerang, 3) ngruda peksa, 4) nyolong, 5) *intimidasi*, 6) nglanggar ekonomi, kayata korupsi, nyogok, malsu, 7) nggunakake senjata api lan adol senjata kasebut, 8) kadurjanan ing jagading politik, 9) nyulik, 10) adol lan nyalah gunakake narkotika. Panliten iki nggunakake teori tumindak kriminal kang diwawas dening Kartono (2007:157) kanggo mangsuli underane panliten.

Faktor-faktor kang njalari tumindak kriminal ing antarane: nuju ing kebebasan, *frustasi*, faktor-faktor psikologis, faktor-faktor social. Kacingkrangan mujudake faktor paling utama kang nyebabake anane tumindak durjana sajrone panguripane manungsa. Wanita

planyahan tuladhane. Akeh pawadan kang njalari wanita iku nyambut gawe minangka wanita lanyah. Wanita planyahan mujudake wanita kang penggaweyane ngedol awak marang priya sapa wae. Wong wadon sing gelem ngladeni andon tresna karo sapa wae kanggo golek panguripan. Pelanyahan dhewe iku minangka *fenomena* sosial kang tuwuh saben jaman lan ana ing bebrayan masyarakat.

Tinting Struktur

Sawijine panliten karya sastra akeh-akehe katindakake kanthi pendekatan struktural. Analisis struktur karya sastra sing ana sajroning karya fiksi, bisa ditindakake lumantar identifikasi, nuntingi, lan njlentrehake fungsi lan gegayutane antarane unsur intrinsik fiksi kang dirembug (Nurgiyantoro, 2010:37). Lumantar analisis struktur mau, saengga bisa ngerteni makna karya sastra kanthi sawutuhe. Saben karya sastra mbutuhake sawijine metodhe analisis sing laras klawan sipat lan struktur.

Sajrone pamawas struktur, novel lan karya sastra liyane nduweni unsur-unsur sing dadi bageyan kanggo mangun crita sajrone novel. Unsur mau bisa digolongake dadi rong bageyan yaiku unsur *intrinsik* lan unsur *ekstrinsik*. Unsur *intrinsik* mujudake unsur-unsur sing mangun karya sastra, kayata: kahanan, alur, paraga, tema, latar, basa, utawa lelewaning basa (Nurgiyantoro, 2010:23). Unsur *ekstrinsik* yaiku unsur sanjabane karya sastra sing ora patiya mangaribawani sistem karya sastra, nanging isih dadi bageyan saka crita (Nurgiyantoro, 2010:23). Tuladhane faktor sosial, ekonomi, kabudayan, sosial, politik, agama, lan adhat sing diugemi dening masyarakat.

Tinting struktur sing digunakake ana kene mujudake tintingan struktur sing winates. Ateges panliten iki ora nggunakake tintingan strukturalisme murni sing kudu nuntingi saben unsur intrinsike. Panintingane struktur sing winates sajrone panliten iki ditindakake luwih mligi maneh nuntingi bab fenomena sosial ing tema kadurjanan. Kadurjanan minangka fenomena Psikologi Sosial mujudake unsur *ekstrinsik* sajrone karya sastra awujud novel iki.

Psikologi Sastra

Psikologi sastra mujudake kajian sastra kang nduweni pamawas yen sastra minangka aktivitas psikologi (Endraswara, 2008:96). Endraswara (2008) uga ngandharake yen panliten Psikologi sastra pancen nduweni lelandhesan kuwat amarga sastra apadene psikologi padha-padha ngrembug bab urip lan panguripane manungsa. Bedane, yen sastra menahi kalungguhan manungsa minangka asil reription imajinasi saka pangripta, dene psikologi menahi kalungguhan manungsa iku minangka asil reription Gusti kang nyata.

Wellek lan Werren (1990:90) ngandharake yen Psikologi Sastra nduweni patang andharan, yaiku (1) studi psikologi pangripta minangka tipe utawa pribadi, (2) studi proses *kreatif*, (3) studi lan ukum-ukum psikologi sing ditrapake ing karya sastra, (4) asil pengaruhe sastra tumrap pamaos (psikologi pamaos).

Adhedhasar andharan mau, banjur bisa diwawas gegayutan antarane psikologi lan sastra raket banget. Ateges ora langsung psikologi uga menehi pangaribawa marang sastra utamane marang reiptan karya sastra. Suwalike, sastra uga bisa mangaribawani tumrap psikologise manungsa.

Psikologi Sosial

Psikologi sosial utawa ilmu jiwa kang gegayutan tumrap wong liya, mujudake sawijine cabang ilmu psikologi kang tuwuh sajrone masyarakat modern. Para ahli sajrone bidang *interdisipliner* umume para ahli ing bidhang Psikologi utawa Sosiologi. Psikologi kaperang dadi loro, yaiku psikologi umum lan khusus.

Ana kang mawas yen Psikologi Sosial sejatine ora nduweni peran kang wigati, nanging saya suwe pamawas mau ana owah-owahan. Sajrone Psikologi modern (sajrone Baron, 2005) Psikologi sosial nduweni kalungguhan kang wigati. Psikologi sosial wis menehi gegambaran pigunane pamikiran manungsa. Saka akeh-akehe panliten ing lapangan kang dilakokake sacara *sistematis*, para ahli psikolog sosial nduweni pamawas yen cara kanggo mangerteni tumindake manungsa kudu diwiwiti saka pengenalan kahanan, prakara, lan budaya.

Para ahli psikologi kang nyinaoni babagan Psikologi Sosial nduweni kawigaten tumrap objek psikologi, kayata wewatekan, *persuasi*, tumindak, *kognisi* sosial, *disonansi kognitif*, pangaribawane sosial, lan tumindak *interpersonal* kayata *altruism* lan agresi kang bakal dadi objek kanggo panliten iki.

Punjere materi ilmu psikologi sosial yaiku sakabehe ngenani panguripan soziale manungsa. Objek sacara material saka ilmu psikologi sosial yaiku kasunyatan-kasunyatan lan kedadeyan-kedadeyan sajrone panguripane manungsa ing masyarakat, utawa pratandha-pratandha sosial. Pamawas psikoanalisa ngenani kadurjanaan utawa kriminalitas ora bisa uwal saka teori psikoanalisa Sigmund Freud.

Psikoanalisis pamawase Sigmund Freud ngandharake gagasan anane *alam sadar* lan *alam bawah sadar* kanthi unsur-unsur yaiku *id*, *ego*, lan *superego*. *Id* luwih nengenake kepuasan kanggo prinsip kesenangan. *Id* nduweni sipat *amoral*, ora *logis*, ora kena diatur, lan nduweni *energy* kanggo nggayuh apa-apa kang disenengi. *Ego* dikendhalekne marang prinsip kanyatan, kang nduweni upaya kanggo ngganteni prinsip kesenangan *id*. *Superego* makili aspek-aspek moral lan ideal saka kapribadhen lan dikendhalekne dening prinsip-prinsip moralistis lan idealis sing beda karo prinsip kesenangan saka *id* lan prinsip realistik saka *ego*.

Pamawas psikoanalisis Sigmund Freud iki minangka panyengkuyung bab tindak kadurjanaan sajrone novel. Dorongan-dorongan sing asale saka *id* e paraga banjur nduweni pangaribawa tumrap agresi. Agresi kuwi mau tuwuh saka anane dorongan-dorongan *id* nanging dibawah kendhali *ego*. Bab mau cundhuk karo tumindake salah siji paraga ing novel nalika proses pemenuhan pemuasane ora kaleksanan saengga ndadekake dheweke frustrasi banjur nindakake tindak agresi.

Teori Psikologi Sosial Robert A. Baron & Byrne

Panliten iki nengenake teori Psikologi Sosial kang diwawas dening Robert A. Baron lan Byrne. Teori Psikologi sosial Robert nengenake aspek-aspek sosial, ing antarane yaiku: *interaksi sosial*, *pengaruh sosial*, *hubungan akrab*, lan salah sijine aspek sosial kang trep kanggo panliten iki yaiku masalah agresi. Agresi mujudake pasiksan kang disengaja kanggo nglarani wong liya. Ilmuwan kang nyengkuyung teori psikologi sosial iki yaiku Sigmund Freud. Freud nduweni pamawas yen agresi manungsa kuwi tuwuh saka pepinginan mati (death wish/thanatos) kuat kang diduweni dening sakabehing pawongan.

Agresi

Agresi knag diwawas dening Robert mujudake pasiksan kang disengaja gawe larane wong liya. Saliyane iku, agresi manungsa nduweni teges yen manungsa kuwi diwenehi dorongan kanggo tumindak kasar kang asale saka wewatekan asline manungsa kuwi dhewe. Teori-teori kaya mangkono mau ngandharake yen kekerasan manungsa iku asale saka faktor genetic.

Faktor gen mau ndadekake manungsa nduweni watek agresif marang liyan. Ilmuwan kang nyengkuyung teori psikologi sosial iki yaiku Sigmund Freud. Freud nduweni pamawas yen agresi manungsa kuwi tuwuh saka pepinginan mati (death wish/thanatos) kuat kang diduweni dening sakabehing pawongan. Miturut Freud, anane pamawas kasebut nduweni ancas self-destruction nanging arah tujuwane mau diowahi kanggo wong liya.

Pamawas kang gegayutan karo agresi uga diandharake dening Konrad Lorenz. Lorenz (sajrone Baron, 2005) nduweni panemu yen agresi tuwuh sajrone manungsa iku dhewe lan makhluk liyane kang nduweni pepinginan kanggo padu (fighting instinct). Pepinginan mau saya suwe saya ngrembaka sasuwene ana owah-owahan amarga bab kasebut bisa mbiyantu kanggo mesthekake yen mung pawongna kuwat kang bisa nurunake katurunan marang generasi sabanjure.

Pamawas-pamawas mau beda karo apa kang diandharake para psikolog sosial liyane. Sakehe psikolog sosial ora sarujuk marang pamawas kang ngandharake yen agresi manungsa iku saka faktor genetis utawa keturunan. Saperangan alesan kang ndhasari para psikolog sosial mau ora sarujuk, yaiku: (1) manungsa nduweni tumindak agresif marang wong liya kanthi maneka werna carane, wiwit saka ora predhuli marang omongan liyan utawa ngandharake pawarta kang ora bener nganti tumindak ala kang pungkasane dilaporale marang pihak kang berwajib, (2) frekuensi saka tumindak agresif iku maneka werna saka kalangan masyarakat. Adhedhasar andharan mau, nggambarake yen faktor genetis utawa biologis nduweni peran tartamtu sajrone agresi manungsa.

Agresi kaperang dadi loro, yaiku: (1) agresi *hostile*, (2) agresi *instrumental* (Baron, 2005:54). Agresi *hostile* mujudake agresi kang tujuwan utamane gawe lara korbane. Agresi *instrumental* mujudake agresi kang tujuan utamane ora mung gawe larane korban, nanging kanggo nggayuh tujuwan liya, kayata petinju kang tumindak agresi marang kanca nunggal lawan tandhinge

ing ring supaya bisa nggayuh pepingine yaiku dadi juwara.

Agresi kang trep ing novel karangane Suparto Brata iki yaiku agresi *hostile* kang sengaja tumindak kasar marang korbane amarga saka anane faktor-faktor *eksternal*. Salah sijine yaiku faktor *frustasi* kang dialami dening salah siji paraga sajrone novel amarga pepingine kanggo andon asmara ora kelakon, saengga ana dorongan-dorongan kanggo tumindak agresi.

Faktor-faktor kang njalari tumindak agresi ing antarane yaiku frustasi, provokasi langsung, agresi kang dipindhahake, tumindak kasar ing media, rangsangan gawe larane liyan, ngombe omben-omben mendemi. Agresi dudu wujud tumindak kang ora bisa diilangi utawa ora bisa diowahi. Suwalike, amarga agresi asale saka interaksi kang kompleks kang kedadeyan saka faktor eksternal, kognisi, lan karakteristik pribadi, agresi bisa dicegah utawa dikurangi. Pengendalian agresi kang diwawas dening Baron (2005) ing antarane yaiku kanthi anane ukuman, aweh pangapura., pelatihan ketrampilan sosial.

Teori Dorongan

Teori dorongan anane motif kanggo nglarani wong liya mujudake agresi manungsa kang tuwuh utamane saka anane dorongan (drive) faktor-faktor njaba (eksternal) kanggo nglarani pawongan liya. Pamawas kasebut diandharake dening para psikolog sosial lan nulak pamawas instingtif tumrap agresi kang diwawas dening Freud lan Lorenz. Pamarekan iki disengkuyung karo teori-teori dorongan (drive theories) tumrap agresi (Berkowitz, 1989 (sajrone Baron, 2000)). Teori iki ngandharake yen faktor njaba kayata frustasi bisa ndadekake motif kang kuwat kanggo nglarani wong liya. Dorongan agresi mau, banjur nuwuhake agresi tarbuka.

Sasuwene iki teori kang kawentar saka teori agresi yaiku hipotesis frustasi-agresi (frustration-aggression hypothesis) (Dollark dkk., 1939 (sajrone Baron, 2005)). Miturut teori hipotesis frustasi-agresi, frustasi bisa njalari tuwuh dorongan kang nduweni tujuan kanggo nglarani wong liya. Frustasi mujudake salah sawijine penyebab agresi. Mula saka iku, teori dorongan nduweni pangaribawa tumrap panliten ngenani agresi manungsa.

Teori Modern tumrap Agresi

Teori modern tumrap agresi kang diandharake Anderson ora mung winates saka faktor tunggal penyebab agresi yaiku frustasi mau. Anderson nggunakake kemajuan saka bidhang psikologi supaya ngasilake panemu tambahan ngenani faktor-faktor kang njalari anane agresi manungsa. Sanadyan ora ana teori tunggal kanggo faktor penyebab agresi manungsa, nanging Anderson (Anderson dkk., 1996) kanthi pamarekan modhel umum afektif agresi (general affective aggression model) menahi gambaran kang apik ngenani pamawas anyar kasebut.

Miturut teori iki (GAAM), agresi disebabake saka maneka warna variabel input. Agresi uga bisa disebabake perangan-perangan saka kahanan kang dumadi ing wektu iki utawa perangan-perangan kang

digawa dening pawongan nalika ngadhepi kahanan tartamtu.

Variabel kang kalebu klompok sepisan yaiku frustasi, wujud serangan tartamtu saka wong liya kayata nyacat, model agresif tuwuh nalika anane tandha-tandha kang gegayutan karo agresi kayata gaman. Variabel kang klebu klompok kaloro yaiku trait kang nyengkuyung individu kanggo nindakake agresi (kayata, kerep nesu), wewatekan tartamtu marang tumindak kasar, lan ketrampilan spesifik gayut karo agresi (kayata, mangerteni carane padu, nggunakake gaman, nyerang, lsp).

Miturut GAAM, variabel situasional lan individual kang maneka warna mau banjur bisa nuwuhake agresi tarbuka kanthi pangaribawane dhewe-dhewe marang telung proses dhasar, yaiku; (1) keterangsangan (arousal)- variabel kasebut bisa ningkatake keterangsangan fisiologis utawa antusiasme, (2) kahanan afektif (affective states)- variabel kasebut bisa ningkatake rasa hostile lan tandha-tandha kang ana sajrone kahanan kasebut (kayata, gegambarane praupan kang nesu), (3) sarta kognisi (cognitions)- variabel kasebut bisa ndadekake pawongan nduweni pamikiran hostile.

Teori-teori modern kayata GAAM diakoni luwih trep yen dibandhingake karo teori-teori sadurunge kang diandharake dening Freud lan Lorenz, utawa hipotesis frustasi-agresi kang kawentar (Dollark dkk., 1939). Ananging teori-teori kasebut disengkuyung dening saperangan bukti kang ngrembaka (kayata Lieberman & Greenberg, 1999) uga bisa menahi gegambarane kang akurat lan luwih jangkup ngenani mula bukane agresi manungsa.

Lelandhesan Analisis

Penganggane teori minangka landhesan kanggo nganalisis salah sawijining prekara ora bisa ditinggalake amarga teori iku kang bakal dadi ancer-ancer sajrone panliten kang arep ditindakake. Lelandhesane analisis kang bakal digunakake sajrone panliten iki yaiku teori Psikologi sastra, mligine Psikologi Sosial kanggo nitingi karya sastra awujud novel kanthi irah-irahan *Dahuru ing Loji Kepencil*. Saliyane iku, pamarekan Struktural uga diperlokake kanggo nganalisis karya sastra mau. Salah sawijine unsure intrinsik sing mangan karya sastra yaiku paraga. Paraga utama aran Deri Karnasih kanthi katiyasan lan kaprigelane bisa nglumpuhake para mungsuh.

Teori Psikologi Sosial kang digunakake panliten iki miturut andharane Robert A. Baron & Byrne. Sajrone Psikologi Sosial iki saliyané nengake masalah agresi, ana teori-teori liya kang nyengkuyung teori agresi iku dhewe lan objek panliten iki yaiku teori Dorongan lan teori Modern tumrap Agresi. Bab mau laras karo pamawase Sigmund Freud yaiku teori Psikoanalisa, yen dorongan-dorongan sing asale saka *id* e paraga banjur nduweni pangaribawa tumrap agresi. *Id* kang nduweni sipat amoral, ora *logis*, lan ora kena diatur bisa kagambar saka salah siji paraga penjahat sajrone novel. *Ego* kang digambarake yaiku nalika proses pemenuhan pemuasane

ora kaleksanan saengga ndadekake salah siji paraga penjajah mau frustrasi banjur nindakake tindak agresif.

Panitingane struktur sing winates sajrone panliten iki ditindakake kanthi mligi nitingi bab fenomena sosial mligi ing tema kadurjanan. Kadurjanan minangka fenomena Psikologi Sosial mujudake unsur *ekstrinsik* sajrone karya sastra awujud novel iki.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten iki nggunakake metode kang asipat *deskriptif kualitatif* yaiku sawijining panliten kang ora mbutuhake tata cara itung-itungan, nanging kanthi cara njlentrehake nggunakake basa kanggo ngonceki saben perkara sajrone panliten. kaya kang diandharake Arikunto (2006: 243), yen panliten *deskriptif* ora nduweni tujuan kanggo ngisi hipotesis tartamtu, nanging mung nggambarake anane fenomena utawa kedadeyan, sabanjure dhata-dhata kuwi mau bakal digambarake karo tembung-tembung, utawa ukara dipisah-pisah miturut jinis tartamtu kanggo ngasilake dudutan. Panliten iki nitingi salah sawijine kedadeyan sing ana sajrone karya sastra.

Panliten iki dianalisis kanthi metode *deskriptif kualitatif* kanthi dipandhu dening teori Psikologi Sastra. Sajrone nindakake panliten kanthi nggunakake titingan Psikologi Sosial bisa diperang dadi telu yaiku sepisan, ngandharake wujud kadurjanan sajrone novel *Dahuru Ing Loji Kepencil*, kaloro, ngandharake apa wae sing njalari dumadine kadurjanan, pungkasan ngandharake carane ngrampung kadurjanan sajrone novel *Dahuru Ing Loji Kepencil*.

Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten *kualitatif* yaiku awujud tembung-tembung lisan utawa tulis kang dianalisis dening panliti, utawa samubarang liyane kang katinting kanthi cetha amrih bisa mujudake makna kang sumirat, sajrone (Arikunto, 2006: 22). Sumber dhata sing kang dikarepake sajrone panliten iki yaiku subjek kang asale saka dhata kang kajupuk. Sumber dhata sing digunakake ing panliten iki arupa dhata sing tinulis sajrone novel kanthi irah-irahan *Dahuru Ing Loji Kepencil* anggitané Suparto Brata.

Crita iki wis tau dipacak kanggo crita sambung ing tabloid Jawa Anyar Kadhangdara Solo taun 1993. Wujud wadag saka novel iki nduweni sampul warna ungu nom sing ana semu abange supaya ngandhut yen critane pancen crita brangasan. Ukuran dawane 20 cm, ambane 13,5 cm, kandelé 87 kaca. novel iki kababarake dening penerbit Azzagrafika.

Dhata

Dhata yaiku asil saka panliten bisa arupa angka utawa *fakta* (Arikunto, 2010: 16). Dhata kuwi uga sawijining objek kang didadekake bahan titingan. sumber dhata kang digunakake sajrone panliten sastra yaiku arupa karya sastra utawa naskah, banjur minangka dhata formale yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana (Ratna, 2004: 47). Sajrone panliten iki dhata

kang digunakake arupa tembung, ukara, wacana, lan salah bawane paraga kang ana ing novel *Dahuru Ing Loji Kepencil*.

Novel *Dahuru ing Loji Kepencil* mujudake sumber dhata internal. Saliyane sumber dhata internal uga ana sumber dhata eksternal utawa sumber dhata sekunder kang nyengkuyung panliten iki, yaiku koran lan internet kang dadi sumber dhata kanggo panliten kang bakal ditindakake iki.

Instrumen Panliten

Instrumen ing panliten iki nduweni tujuan kanggo nyengkuyung ngumpulake dhata (Arikunto, 2006: 192). Instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti iku dhewe, amarga sing bakale arep nindakake panliten lan nganalisis objek panliten yaiku panliti. Kabeh mau jalaran saka panliti sing bakal tumindak minangka pangumpulake dhata, nganalisis dhata, nafsirake dhata lan nyuguhake asile panliten. Kanggo nglancarake panliten kasebut, mula panliti mbutuhake sawernaning piranti utawa alat bantu yaiku arupa buku tulis lan pulpen.

Tata Cara Panulisan Asiling Panliten

Tata cara panulisan asiling panliten mujudake carane panliti kanggo ngandharake asiling panliten arupa analisis dhata sing mujudake laporan tulis. Dhata-dhata ngenani kriminalitas sing wis ditindakake marang paraga-paraga sajrone novel *Dahuru Ing Loji Kepencil* bakal diandharake lumatar wujud kadurjanan sajrone novel *Dahuru Ing Loji Kepencil* anggitané Suparto Brata.

Kaya sing wis diandharake ing metode panliten, novel *Dahuru Ing Loji Kepencil* anggitané Suparto Brata bakal dititingi kanthi nggunakake teori Psikologi Sosial lan *objektif* ngenani gambaran kadurjanan ing novel iki. Panliten iki dianalisis kanthi metode *deskriptif kualitatif* kanthi dipandhu dening teori Psikologi Sosial. Ulinuha (2010: 31) ngandharake yen tata cara metode deskriptif analisis iki kanthi cara dheskripsikake dhata-dhata sing wis kaimpun banjur diandharake. Bab kasebut nuduhake yen panliten iki nggunakake objek paraga sing nduweni peranan aspek kadurjanan utawa tindak kriminalitas banjur dianalisis adhedhasar teori Psikologi Sastra.

Adhedhasar andharan kasebut, tata urutan kanggo nganalisis dhata bisa kanthi cara kaya mangkene:

- 1) Sepisan, ngimpun sakabehe dhata sing ana sajrone novel *Dahuru Ing Loji Kepencil* sing magepokan karo paraga-paraga sing nindakake tumindak kriminalitas utawa kadurjanan sajrone novel *Dahuru Ing Loji Kepencil* anggitané Suparto Brata.
- 2) Dhata kang wis kaimpun banjur digolong-golongake adhedhasar underane panliten. panggolongan kasebut uga mujudake wangsulan saka underane panliten lumantar wujud andharan-andharan.
- 3) Andharan saka adhedhasar underane panliten kasebut banjur dianalisis kanthi cara nggabungake klawan teori Psikologi Sosial.

- 4) Pungkasan, nggawe dudutan saka asil analisis ngenani paraga-paraga kang nindakake tindak durjana laras karo underane panliten.

Tahap Panyampurnan

Tahap panliten sing pungkasan yaiku tahap panyampurnan. Ing kene sing ditindakake yaiku nyusun asil analisis dhata. Dhata-dhata sing wis dianalisis banjur direvisi sawise disarujuki dening dosen pembimbing.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Gegambaran Kadurjanan sajrone Novel *Dahuru ing Loji Kepencil Anggitane Suparto Brata*

Perangan sepisan sing bakal dirembug yaiku gegambarane kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*. Maneka werna gegambaran kadurjanan sajrone novel bakal diandharake ing ngisor iki. Ora kabeh wujud kadurjanan kang diandharake ing bab andharan panliten iki, ananging amung winates wujud kadurjanan. Gegambaran kadurjanan sajrone novel ing antarane, yaiku: 1) merjaya, 2) nyolong, 3) ngruda peksa, 4) nggunakake gaman, 5) nyerang.

Merjaya

Merjaya mujudake salah sawijine tindak kriminal utawa kadurjanan kang bisa nyeret pawongan sapa wae kena ukum pidana. Merjaya bisa ditindakake kanthi maneka werna cara. Umume, merjaya kanthi nggunakake piranti kayata, senjata, piranti kanggo nggepuk, piranti kanggo njiret, lan sapiturute. Saliyane iku merjaya bisa ditindakake tanpa nggunakake piranti ananging mung nggunakake kekuwatan fisik kayata: kanthi bujuk rayu, nekek, lan tipu daya. Saka tumindak mau bisa nyebabake anane rajapati.

Salah sawijine tindak kadurjanan kang wujud tumindak merjaya digambarake lewat paraga utama yaiku Deri Karnasih kang wektu kuwi ora sengaja merjaya salah sawijine durjana. Gegambaran kadurjanan wujud merjaya bisa kawawas saka pethikan iki.

“Linggis onclang gumandhul antep tumuju sasaran, lan pas ngenani sirahe Joni. Cleng! Thek seg! Sirahe Joni bocor kena gumandhule pucukan linggis. Bubar mbentur sirah empuke Joni, cleng! Linggise tetep obah gondhal-gandhul ing pucuke tali kerekan manuk cedhak layone Joni, kaya-kaya kiprah jejogetan ngrayakake anggone bisa menang niwasake mungsuhe.” (Brata, 2014:60)

Kriminalitas bisa wae ditindakake kanthi cara sadhar lan ora sadhar. Kriminalitas kang setengah sadhar uga bisa dilakokake amarga anane faktor-faktor tartamtu. Pethikan mau mujudake kriminalitas kang ditindakake Deri kanthi cara ora sadhar utawa setengah sadhar. Pancen ora ana niat kanggo merjaya para musuho, mligine Joni sing wektu kuwi lagi apes wae, nanging kanthi cara ora sadhar mau ndadekake kahanan ora kaya sing dikarepake.

Tumindake Deri mau banjur nyebabake oncate nyawane Joni kang wektu kuwi niyate mung arep njupuk sepedhah montore sing keru ing sangisore kerekan manuk. Senadyan ora sengaja, nanging tumindake Deri mau wis kagolong tumindak kadurjanan utawa kriminalitas amarga nyebabake oncate nyawane uwong.

Nyolong

Nyolong yaiku njupuk darbeking liyan tanpa nganggo tembung (Sudaryanto, 2001:727). Bab kuwi laras karo andharane Atmodjo (1996:70) ngandharake yen nyolong kuwi nindakake apa-apa kanthi dhedhemitan. Nyolong bisa kalebu tumindak kadurjanan utawa kriminalitas amarga tumindak kasebut bakale bisa ngrugekake liyan. Saben wong, ateges kabeh pawongan sapa wae warga Negara Indonesia, klebu warga Manca Negara, tanpa mbedakake jinis kelamine, agamane, jabatane utawa pangkate, yen nindakake tindak pidana bisa dipatrapi ukuman.

Faktor utama kang njalari pawongan bisa nindakake prekara kang kalebu tindak kriminal yaiku kacingkrangan. Kacingkrangan mujudake salah sawijine faktor kang dadi penyebab anane tindak kadurjanan. Ora sethithik pawongan ing donya iki kang ora wangu-wangu nyolong.

Gegambaran tindak kadurjanane salah siji paraga sajrone novel kang awujud nyolong yaiku gambaran sing dilakoni dening Robin. Robin, salah siji saka brandhal papat mau kasil nyolong barang duweke Santanu lan Deri. Dheweke lali karo tujuwan sadurunge yaiku arep andon asmara karo Ruth, wong wadon planyahan kang disewa dening para brandhal kanggo sacumbana.

Anane dorongan-dorongan kanggo tumindak kriminal mau nyebabake sawijine pawongan nduweni rasa kecenderungan. Kaya apa kang dilakoni dening paraga Robin. Sawise dheweke kasil nyolong dompet, tas, duweke Santanu lan Deri, dheweke durung marem sawise apa kang dilakoni. Gegambaran mau laras karo salah sawijine faktor-faktor kang njalari tumindak agresi yaiku Agresi kang dipindhahake.

“Sik tag, menenga dhisik!” ujure Robin karo nyobak-nyobak mbukak lemari. Kabukak, terus diodhal-adhil. Barang sing ana regane, gage mlebu sak.” (Brata, 2014:38)

Agresi kang dipindhahake mujudake akibat saka anane provokasi kang entheng. Agresi marang salah sawijine pawongan kang dudu sumber saka provokasi kang kuat. Agresi dipindhahake amarga pawongan kang nglakoni ora kepingin utawa ora bisa tumindak agresi marang sumber provokasi kang kawitan. Kabukten saka wawan rembug e Robin karo pasangane Ruth *Sik tah, menenga dhisik*. Ukara mau nuduhake yen sejatine Robin kirang marem yen mung nyolong dompet karo kontak mobile Santanu. Bab mau mujudake anane agresi kang dipindhahake nalika provokasi sing kapisan kurang menahi rasa marem ing atine Robin. Senadyan ora dicritakake kanthi gamblang apa kang dicolong dening Robin, nanging saka ukara *barang sing ana regane, gage*

mlebu sak wis mbuktekake yen sejatine ana barang aji kang dicolong Robin.

Ruda Peksa

Ruda peksa mujudake salah sawijine tindak kadurjanan nalika sikurban dipeksa ngayahi hubungan seksual, kanthi *penetrasi* alat kelamin, tanpa anane rasa suka rila. Istilah *ruda peksa* bisa uga dianggo sajrone makna kiasan, umpamane ngacu marang pelanggaran sing luwih umum kaya dene perampokan, pengrusakan, panyekelan warga masyarakat ing tlatah kang perang. Ruda peksa sajrone novel iki mujudake ruda peksa saka pangerten kang kaloro yaiku ruda peksa kang ngacu marang perampokan, lsp.

Gegambaran tindak kadurjanane para penjahat awujud ruda peksa sajrone novel bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Yen saiki Deri arep gawe pepati mesthi bisane. Sopir mobil sing jenenge Robin, sing dhek mau sore kanthi kurangajaran ngrudapeksa mbukak lawang kamar susuhe sing padha ngrembulan madu, santanu lan Deri, karo nggawa wedokan klambi abang rambute diekor kudha, lan sabanjure bisa nduwe inisiatip njupuk mobil Toyotane dianggo ngemot lonthe-lonthe saka Tretes, saiki lena. Ora ngraita yen ing mburine sumimpen ing petenge wengi, gemregah bebaya kang bisa wae njalari patine.” (Brata, 2014:71)

Ruda peksa kalebu tindak kadurjanan amerga bisa nyebabake pawongan liya karugekake. Kaya kang wis dijlentrehne mau, yen sing dadi kurban ing kene Santanu lan Deri. Para durjana kasil nyolong samubarang bandhane Santanu lan Deri. Bab mau bisa kasebut kadurjanan amerga Santanu wis rumangsa yen dheweke dirugekake dening para penjahat.

Nggunakake Senjata Api/ Gaman

Bab kang kalebu tindak kadurjanan uga bisa digambarake nalika pawongan tartamtu nggunakake senjata api utawa gaman. Senjata api utawa gaman mau mujudake piranti kanggo nglumpuhake mungsuh. Gaman (sajrone KPBJ, 280) mujudake piranti kanggo nglawan utawa nanggulangi mungsuh. Saliyane iku, gaman ing pangerten kang beda mujudake piranti kanggo nyambut gawe (upamane wadung, arit, lsp). Gaman sajrone novel sing dimaksud yaiku piranti kanggo nglumpuhake mungsuh. Senjata api sing dimaksud ing knee yaiku bedhil, gegaman uga kena kanggo njaga keslametan yen nagdhepi mungsuh.

Sajrone novel DILK ana salah sawijine paraga nggunakake gaman arupa linggis. Dudu gaman arupa senjata api kayata bedhil. Tujuwan paraga iki mung kanggo nylametake uripe saka mungsuh. Saliyane iku, gaman mau uga bisa nglumpuhake mungsuh yen sawayah-wayah ana perlawanan. Gegambaran anane paraga kang nggunakake senjata utawa gaman kanggo

nggumpuhake mungsuh bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Sepedhah montor wis dipriksa. Ora, ora diowahi papane. Persisi njungkel ing cagak pring piranti ngerek manuk. Ben ing kono wae. Apa maneh saiki? Perlu gegaman. Arit? Penthung, pacul...??? Ing gudhang ana! “Mbok Baiyah! Gudhang mburi dikunci ora?” pambengoke Deri.

“Napa, Jeng? Gudhang mburi? Mboten enten kuncine. Pados napa ta?”

“Gaman! Arit!”

Ora ngenteni wangsulan maneh saka Baiyah, Deri terus nylenther menyang gudhang. Njupuk gaman apa wae sing bisa disiyapake: pacul, linggis, palu,. Diusung menyang ngarepan. (Brata, 2014:46)

Saka pethikan mau nggambarake yen paraga sing nggunakake gaman yaiku Deri. Ngunakake senjata api utawa gaman kanggo nglarani liyan kalebu tindak kadurjanan. Saka anane piranti kanggo nglarani liyan mau, ora mokal yen bisa ngoncataké nyawane kurbané. Sejatine Deri kalebu wong durjana, amarga wis wani nggunakake senjata kang ditujukake marang kurbané. Senjata kang digunakake dening Deri salah sijine yaiku linggis. Linggis mujudake wesi giligan lancip piranti kanggo ndhudhuk-ndhudhuk lemah sing atos, mecah watu, lan sapiturute.

Nyerang

Nyerang mujudake salah sawijine tumindak kang ngrugekake liyan. Nyerang kalebu salah sawijine wujud kadurjanan. Gegambaran kadurjanan wujud nyarang iki ditindakake dening meh kabeh para paraga sajrone novel DILK. Ateges ora kabeh nyarang, liyane dhapak pawongan sing diserang. Paraga kang nyarang kasebut yaiku, Deri, Joni, Abrim, lan Dulkarim. Penyebab anane kadurjanan ing wengi iku merga omongane Dulkarim sing ora bener yen kamar wis disewakake dening para pelanggan liyane. Saliyane iku, anane dorongan-dorongan agresi saka paraga para penjahat ndadekake kahanan mau tansaya ruwet.

Gegambaran nyarang ing novel iki digambarake dening para paraga durjana amerga anggane ndhayoh ing loji kepencil ora ditampa dening Dulkarim, wong sing njaga loji. Padran, salah siji saka penjahat papat sing nduweni sipat agresi nekat nyarang Deri uga Santanu. Kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

“Padran muntap. Rumangsa dienyek tenan, diina tenan karo wong wedok kuwi. Ora sabar maneh, tangane nubruk Deri, dikekep, diprethes. Ora ana maneh kemecece ati arep ngambung apa nggelut ngrasakake biraine napsu, senajan wong wadone wis nyandhang ngegla nuduhake mrusuhe lengene lan merite

bangkekane, nanging arep ngancurake wedok kang sombong kuwi. Padran jan rumangsa diina tenan.” (Brata, 2014:33)

Ora kakehan omong, kuwi pancen sipate Padran. Kulina keprukan, kulina tumindak kasar. Awake gedhi methekel uga disiyapake yen ana prekara sing kudu dilakoni kanthi kasar. Ora pandhang bulu. Kaya mangkono istilah kang pas kanggo tumindake Padran marang Deri. Masiya Deri kuwi wong wadon sing sipat asline kalem, alus, nanging saking gethingge Padran, Deri banjur diserang kaya dene ngadhapi mungsuh sing satemene, kamangka Deri kuwi wedok. Saka ukara *Ora sabar maneh, tangane nubruk Deri, dikekep, diprethes*, nuduhake yen Padran wis umub kelingan apa kang dilakokake Deri marang dheweke. Sing sakdurunge niyate Padran kepengin ngambung, nyuntak biraine napsune banjur malik klepat balik nyerang Deri.

Sing Njalari Dumadine Kadurjanan

Kahanan sosial bisa dadi penyebab anane tindak kadurjanan. Kadurjanan uga bisa kedaden amarga nduweni pepinginan-pepinginan sing kudu kaleksanan ing wektu cepet nanging ora nduweni prinsip-prinsip moral sing kuwat.

Kacingkrangan mujudake faktor paling utama kang nyebabake anane tumindak kadurjanan sajrone panguripane manungsa. Wanita planyahan tuladhane. Akeh pawadan kang njalari wanita iku nyambut gawe minangka wanita lanyah. Wanita planyahan mujudake wanita kang penggaweyane ngedol awak marang priya sapa wae. Wong wadon sing gelem ngladeni andon tresna karo sapa wae kanggo golek panguripan. Pelanyahan dhewe iku minangka *fenomena* sosial kang tuwuh saben jaman lan ana ing bebrayan masyarakat.

Sing njalari dumadine tindak kadurjanan sajrone novel iki maneka warna. Panliti nggunakake faktor-faktor kang njalari dumadine kadurjanan liwat pamawase Qadiry, ing antarane yaiku: nuju ing kebebasan, *frustasi*, faktor-faktor psikologis, faktor-faktor Sosial. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake siji mbaka siji faktor-faktor kang njalari dumadine kadurjanan.

Nuju ing Kebebasan

Sumber-sumber kadurjanan disebabake dening manungsa sing nduweni kesadharan lan luwih nuju ing bab-bab sing ora kaket (bebas). Kacenderungan milih apa wae sing bisa njanjeni kauntungan kanggo dheweke bisa mbukak kesempatan anane tindak kadurjanan, amarga tindak kadurjanan kasebut bisa dilakokake saka pepenginan manungsa iku dhewe.

Gegambaran faktor kang njalari tumindak kadurjanan sepisan yaiku nuju ing kebebasan. Ing kene digambarake dening paraga Padran sing kepengin age-age andon asmara karo wanita lanyah sing digawa grombolane mau, amarga saka pepinginane mau bisa njanjeni kauntungan kanggo dheweke, kamangka pepinginane mau bisa mbukak anane tindak kadurjanan. Pethikane kaya ing ngisor iki

“Lo wis kadhung teka kene, aja gampang dibalekake karo Dul Gemplo

iki, Joni. Aku kuwatir omonge Dul kambi Yah iki ethok-ethok wae. Dheweke arep njaluk tarip istimewa. Ayo, Dul, nyingkir! Sepreine wis kok pasang durung? Ayo Kim, milih kamar sing resik!” (Brata, 2014:25)

Saka pethikan mau kagambar yen para penjahat sing teka ing loji nduweni ego sing ndhuwur. Anane ego sing ndhuwur kuwi mau njalari dumadine tindak durjana. Kabukten saka cecaturan, muni ngono kuwi Padran karo nyingkirake tangane Dul nganggo tangane kiwa.

Frustasi- Penyebab Kuwat Agresi

Rasa *frustasi* bisa namani sapa wae, kanthi penyebab maneka warna. Rasa mau uga bisa njalari tumindak kadurjanan. Kondisi kekurangan sing ana bisa nyebabake *frustasi* sing luwih-luwih saengga bisa ngrangsang pawongan kasebut nindakake tumindak sing ora becik.

Frustasi bisa kedadeyan amarga anane alangan kanggo nggayuh tujuwan, kabutuhan, pepinginan, pangarep-arep utawa tumindak tartamtu. Psikologi Sosial kang mawas agresi ngandharake, yen agresi tuwuh saka anane frustasi.

Gegambaran ngenani faktor sosial, pribadi, lan *situasional* kunci kang njalari anane agresi ing antarane yaiku, *frustasi* iku dhewe, provokasi langsung, agresi kang dipindhahake, tumindak kasar ing media, rangsangan kanggo nglarani liyan, lan ngombe omben-omben mendemi.

Gegambaran ngenani faktor kang njalari tumindak agresi ora digambarake kabeh ing kene. Mung sing nduweni pangaribawa sing kuwat sing bisa njalari anane tumindak agresi wae sing bakal dijlentrehake ing kene, kayata *frustasi* iku dhewe, tumindak kasar ing media, lan pangaribawane alkohol tumrap agresi. Siji mbaka siji bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

a) *Frustasi* iku dhewe.

Frustasi bisa kedadeyan amarga anane alangan kanggo nggayuh tujuwan, kabutuhan, pepinginan, pangarep-arep, utawa tumindak tartamtu. Frustasi ing kene bisa kagambar saka paraga Padran sing pepinginane kanggo andon asmara karo wanitane ora ndang kelakon amarga dialang-alangi dening Dulkarim. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Ayo, Dul, nyingkir! Sepreine wis kok pasang durung? Ayo Kim, milih kamar sing resik!”

Muni ngono kuwi Padran karo nyingkirake Dul nganggo tangane kiwa, wet! Dulkarim ora ngira bakal dikipatake, disingkirake ngono dheweke gloyoran nganti rong meter dohe.” (Brata, 2014: 25)

Anane alangan saka Dulkarim kanggo nggayuh pepinginane Padran sing arep kelon karo Kim Basinger weton Tretes njalari anane tindak kadurjanan. Kabukten

saka ukara *Padran karo nyingkirake Dul nganggo tangane kiwa, wet!* nuduhake yen Padran *frustasi*. Pepinginane arep andon asmara karo Kim, wong wadon lanyah ora ndang keturutan, saengga ndadekake Dulakrim diserang dening Padran. Baiyah uga melu ngalang-alangi Padran, saengga dheweke uga kena imbas *frustasine* Padran.

b) Tumindak Kasar ing Medhia

Media TV mujudake salah sawijine faktor kang nduweni pangaribawa tumrap tumindak agresi. Akeh kang mawas yen proses niru ing televisi utawa media liyane ora didhasari karo *rasionalitas*. Akeh-akehe wong kang ndeleng tumindak aksar ing TV bisa melu-melu agresif.

Gegambaran tumindak kasar ing media masa bakal ningkatake agresi marang bocah-bocah utawa pawongan diwasa. Akeh bukti kang nyengkuyung tumrap pranyatan kasebut. Kayata, sajrone eksperimen jangka pendek, bocah-bocah utawa pawongan dewasa dituntut ndeleng film utawa tayangan tv sing ana unsur tumindak kasar.

Praktek *bullying* ing donyane boca-bocah ora uwal saka apa kang ditonton lan dirasakake. anak nduwe sipat dhasar seneng lan pinter nirokake. Apa sing ditonton bakal ditiru sakala iku uga. Ditambah yen tontonan ing televisi akeh sing sacara terang-terangan nayangake adegan kekerasan. *Bullying* dianggep kadidene kekerasan sing terstruktur. Mata rantene kudu dipedhot . butuh peran aktif saka wong tuwa, guru, lingkungan, lan pemerintah kanggo nyegah *bullying*.

Tuladha saka adegan kekerasan sing ditayangne ing televisi kang bisa mangaribawani tumrap kekerasan sajrone pawongan ing antarane, adegan sawetara cewek ing sekolahan nindakake kekerasan marang kancane. Ing pangrasane bocah-bocah adegan kasebut dianggep realitas (nyata), kamangka mung adegan rekam. Ana maneh adegan sing nggambarake bocah SD bisa nyilakani kancane. Kanthi ulat wengis actor cilik kuwi wani ngadhepi kanca-kancane.

Bocah-bocah sing nonton tayang kasebut nganggep yen kuwi adegan lumrah, merga ditindakake dening actor sabarakanane. Apa akibate tayangan kasebut? Bocah ora bisa mbedakake endi tayangan sing realis lan endi sing rekam. (JB No.10 minggu II Nopember 2014).

Senadyan para ahli Psikologi sosial durung mesthekake yen media TV bisa mangaribawani tumrap tumindak agresi, nanging saperangan panliti nduweni dudutan yaiku “ndeleng tayangan TV utawa bioskop bisa ningkatake agresi antar pribadi mligine bocah-bocah”. Tumindak kasar sajrone film uga bisa nuwuhake tumindak agresif kanthi maneka wena cara, kayata saka menahi piwulang gaya tumindak agresi, ningkatake *keterbangkitan*, mangaribawani liyan supaya ora gampang tumindak agresi.

c) Ngombe Inuman Mendemi- Alkohol

Ngombe omben-omben kang mendemi diprecaya lan diyakini yen saperangan pawongan dadi luwih agresif nalika pawongan kasebut nggunakake

alkohol. Pamikiran iki disengkuyung dening fakta yen bar-bar lan klub malam kerep dadi panggonan kang ditindakake kanggo tumindak kasar. Saperangan panliten, apwongan-pawongan kang nggunakake alkohol kanthi dosis kang dhuwur luwih agresif lan bisa nampa provokasi luwih kuwat.

Gegambaran ngenani pawongan dadi luwih agresif nalika pawongan kasebut nggunakake alkohol bisa kagambar saka paraga Abrim. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Deri mundur alon-alon singidan bali menyang suwalike grumbulan bougenville. Tetep waspada ngulatake tingkah lakune lanang kuru kang setengah mabuk ora ndayani.” (Brata, 2014:71)

Pethikan mau nuduhake yen ombenan kang mawa alkohol kuwi mbebayani banget tumrap pawongan, ora mung marang kesarasane nanging ombenan kasebut bisa-bisa nuwuhake bab prekara kang ala kang wekasane tumuju marang tumindak kadurjanan. Karana alkohol kuwi rakyat dudu ombenan kang wajar, lire kadhar alkohol kang ngluwuhi taker kang banjure bisa menahi akibat apa-apa marang wong kang bubar ngombe ombenan kasebut.

Faktor Psikologis

Tindak durjana utawa tindak kriminal bisa kawujud amarga anane bab-bab sing asipat psikologis. Kayata *intelegensi* sing asor, ora bisa ngendhalekake awak, lan sapiturute bisa ndadekake pawongan kasebut tumindak durjana.

Pendhidhikan, sarana kanggo ngowahi ndonya supaya luwih maju. Isih akeh kang kudu kita tindakake supaya pendhidhikan ing negara iki bisa maju, saengga kasil aweh kontribusi kang maksimal kanggo pembangunan manungsa sawutuhe. Pendhidhikan dhasar kudu dilakokake wiwit cilik, supaya masyarakat kita ora nyemplung ing donyane kadurakan.

a) Kurange Pendidikan

Manungsa iku kagolong sawijine makhluk, kang cacache sapirang-pirang jinis utawa wewujudane, warna-werna rupane. Sing beda antarane manungsa karo makhluk liyane, yaiku manungsa kadunungan akal. Akal minangka anugrah saka Allah. Akal uga minangka srana kanggo mikir.

Akal gunane kanggo mikir. Manungsa sing ora tumemen anggone nggunakake akal bisa rugi. Manungsa kang ora mekar lan melarake pikir kanthi becik ateges ora ngrewes marang anugerah kang wis diparengake dening Pangeran wujud akal pikiran. Gegambaran kurange pendidikan sing diwawas ing novel iki digambarake dening para penjahat. Salah sawijine paraga Joni Koko sing awit cilik ora mambu bamboo bangku sekolahan, banjur dheweke kena pangaribawane kanca nyemplung ing donyane kadurakan. Kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

“Upama biyen dheweke manut wong tuwa gelem nutugake sekolah senajan mung sekolah swasta, lan dadi sarjana, kira-kira critane ya kawin karo wong becik-becik kaya wadon trengginas mau. Joni Koko biyen isih SMA wis kedereng seneng mak mek barang-barange wong wadon. Diwuruki Lisa, anak buahe Tante Beng sing kluyuran operasi sanjabane warung, uripe banjur mblakrak kaya saiki iki.” (Brata, 2014:59)

Saka pethikan mau nuduhake yen Joni Koko ngono kurang *berpendidikan*. Kabukten saka ukara *upama biyen dheweke manut wong tuwa gelem nutugake sekolah senajan mung sekolah swasta* mujudake yen Joni Koko ora nggatekake marang ibune. Pendidikan tumrap bocah-bocah kuwi penting, amarga bakale ing tembe mburi bakal nduwe pangaribawa tumrap bocah mau. Upama wiwit cilik wis digladhi ing sekolah, wurung yen Joni Koko tumindak kasar nganti gawe dahuru ing loji kepencil kuwi.

b) Ora Bisa Ngendhalekake Awak

Faktor *frustasi* kang dialami dening salah siji paraga sajrone novel nggambarake saka pepingine kanggo andon asmara ora kelakon, saengga ana dorongan-dorongan kanggo tumindak agresif. Bab mau laras karo faktor sing njalari anane tumindak durjana yaiku faktor psikologis. Ana salah awijine paraga sing bengi kuwi ora bisa ngendhalekake awake amarga frustasi yen pepingine kanggo sacumbana karo wong wadon sing disewa saka Arumdalora ora kawujud. Paraga mau yaiku Padran. Pethikan sing mawas yen Padran kabukten ora bisa ngendhalekake awake bisa kagambar ing ngisor iki.

“Eee, Dul! Wis ta lah, aku nyilih kamare siji setengah jam wae. Soale Kim Basingerku iki kebacut terangsang!” omongane Padran karo ngekepake lengenekang bakoh marang bangkekane wadon rok abang. Wadon kuwi saiki klambi sing tebal ceblok ora preduli. Blegere awak katon montog, ngalem nglendheti lanang awak methekel.” (Brata, 2014:24)

Padran sing bengi kuwi ora sranta kepingin nyilih kamar kanggo ngrampungke urusane karo wong wadon sing sewan. Saka ukara *soale Kim Basingerku iki kebacut terangsang* nuduhake yen Padran ora bisa ngendhalekake awake merga kahanan bengi kuwi. Bab frustasine Padran sing wis kaandharake ing ndhuwur mau ora bisa uwal saka bakale tumindak kasar.

Faktor Sosial

Faktor sosial ing antarane yaiku faktor ekonomi kayata kemlaratan. Lan pangaribawane kanca. Faktor-faktor sosial kaya dene kemlaratan kasebut mujudake

unsur dominan sing nduweni pangaribawa tumrap tindak durjana. Semono uga pangaribawane kanca. Kemlaratan mujudake bab sing paling rawan sing bisa nyebabake salah sawijining pawongan nindakake kadurjanan.

Pangaribawane kanca mujudake faktor penyebab dumadine kadurjanan saka faktor sosial. Anane pangaribawane kanca mau bisa ndadekake salah sawijine pawongan melu-melu apa kang ditindakake pawongan liya. Ora mung tumindak becik, pangaribawane kanca uga bisa kawujud saka sipta kang ala.

Paraga Padran ing novel iki, nuduhake yen dheweke kena pangaribawane kancane. Pethikan sing nuduhake yen Padran kena pangaribawa ala saka kancane kaya ing ngisor iki.

“Sabar ta Ndran. Gak enak yen mung sedhiluk. Karepku sampek parak esuk, ngono lo!” pamenggake Joni Koko. Dheweke sing ajak-ajak golek petarangan papan dhemenan menyang loji kepencil kono.” (Brata, 2014:25)

Kabukten saka pethikan mau yen Padran wis kena pangaribawane kancane yaiku Joni Koko. Saka ukara *dheweke sing ajak-ajak golek petarangan papan dhemenan menyang loji kepencil* nuduhake yen Padran ngono kena bujuk rayune Joni Koko sing kawitan ajak-ajak menyang loji. Upama Joni Koko ora ngajak Padran lan kanca nom-noman liyane, dheweke ora bakal nggawe udreg ing loji kepencil duweke Santanu.

Pamungkas Kadurjanan

Maneka warna cara ditindakake dening paraga Deri Karnasih kanggo mbrastha para penjahat sing wengi kuwi ndhayoh ing lojine. Loji sing disewa jam-jaman uga harean kuwi ndadekake Deri risih marang kahanan mau. Cara sing digunakake Deri kanggo mungkasi dahuru ing loji kepencil mau kalebu cara sing gampang, kayata nyuntak oli ing pelataran supaya mungsuhe tiba dlororan menyang latar, nggembos sepedhah montor, lan liya-liyane. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake kepriye kaprigelane Deri mungkasi dahuru kanthi sipate sing cerdas, pinter, cekatan, lan kendel.

Wong Wadon Deri Karnasih

Deri Karnasih, wanita sisihane Santanu sing diajak menyang loji wengi kuwi kalebu wanita kendel, pinter, lan apik. Seje karo wanita sing digawa dening para nom-noman sing nginep jam-jaman ing loji kuwi saperlu tumindak asusila. Deri kuwi dudu wong wadon lenjeh kaya wong wedok-wedok sing diajak wong lanang ijen sing padha nginep ing loji kono.

Deri mujudake salah sawijine tuladha wanita Indonesia sing kanthi semangate, bisa nglawan para mungsuhe. Kaum wanita kudu nduweni semangat kanggo nggayuh apa kang dipengeni lan kudu merjuangake nasipe. Kaum wanita kudu terus nduweni semangat berkarya. Ora ngemungake perane minangka Ibu rumah tangga apa dene karyawan. Wanita kudu terus ningkatake pengetahuan, wawasan, lan ketrampilan, saengga wanita Indonesia luwih nduweni kualitas.

Wanita Pinter/Cerdas

Ing bab iki bakal dirembug katiyasane utawa kaprigelane Deri nalika merjuwangake nasipe, nglawan para mungsuhe. Bekla sipat sing diduweni Deri ing antarane yaiku Deri kuwi cerdas, pinter, kendel, cekatan, lan nduweni semangat juwang kang gedhe.

Ing ngisor iki bakal kajlentrehake siji mbaka siji sipat-sipat kaprigelane Deri. Pethikan ngisor iki nuduhake kapinterane Deri nalika nglawan para mungsuhe.

“Aja nyekel apa-apane wong kuwi. Uga ing njero mobil, aja nganti ana cap drijimu lan drijiku.” Muni ngono kuwi Deri karo ngadeg. Weruh lampu-lampu ing desbor mobil isih padha murup, gage wae Deri muter kunci kontake sing isih cemanthel. Nalika tangane meh nyekel konci, gage eling yen cap drijine ora oleh tumilas ing kono.” (Brata, 2014:72)

Gegambaran pethikan mau nuduhake yen Deri kuwi wanita sing pinter. Kabukten saka pamawase menyang Mbok Baiyah nalika dheweke menging penjaga loji kuwi supaya ora nyekel apa-apa sing ana ing lokasi dahuru mau. Kareben cap driji ora tumemplek. Upama ana cap driji Deri lan Baiyah ning kono, kalorne bisa dicubriyani minangka tersangka ing dahuru wengi kuwi.

Kendel

Deri Karnasih kadidene bojo, ngampingi minangka tambahe kekuwatan batine sing lanang. Deri sing banget adrege migatekake bengkerengan sing ngancam katentremane anggone dheweke temantenan karo sing lanang bengi kuwi, nganti lali duk sinane, katut ndhampingi sing lanang muncul ing ruwang ngarepan, ora ngegea marang dandanane sing mung nganggo sayak rangkepan biru byur.

Kantheni bakal sipate sing kendel kuwi, Deri wani ngalang-ngalangi mungsuhe sing sejatine wong lanang-lanang dudu tandhingane Deri. Bab sing njalari Deri kudu maju ngadhepi wong lanang-lanang mau bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Hee, aja kurang ajar, ya! Nyang wong tuwa kasare kaya ngono!” pambengoke Deri. Dheweke ora bisa ngejarake udreg kaya mangkono kuwi tanpa cawe-cawene. Dheweke rumangsa nduweni Santanu, bojone.” (Brata, 2014:31)

Deri ya melu ndarbeni omah kuwi saisine. Kepetung Dulkarim lan Baiyah, dadi batihe. Yen ana apa-apa ntoni wong kuwi, Deri iya rumangsa melu krasa larane. Apa maneh iki prekarane genah yen mbelani omah iki. ngupayakake sucine omah iki, dibelani kantheni kerengan lan kasaran. Sapantese yen dheweke uga melu-melu.

Cekatan

Cekatan mujudake salah sawijine tumindak sing ora wangu-wangu marang apa kang wis dadi keputusan. Wong cekatan kuwi kudu cak-cek lan bisa tanggapa marang apa sing nalika iku diadhepi langsung. Cekatan sajrone novel DILK iki kagambar lewat parag Deri Karnasih. Dheweke minangka paraga utama sing wektu kuwi kudu mbrastha para penjahat sing wani ngruda peksa mlebu omah lojine.

Gegambaran ngenani tumindake Deri sing cekatan bisa kawawas nalika wong lanang-lanang jlalatan kuwi padha ngalih saka ruwangan ngarep loji. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Jelas ora ana wong tamu brandhal sing kari, gageyan wae Deri Karnasih mlebu omah. Sadurunge nutugake tumindake, dheweke ganti nutup lawang ruwangan ngarep, kanggo amane. Dikancing, ceklek, kaya tumindake brandhal dhek mau. Sak wayah-wayah bajingan-bajingan kuwi bali, kudu kangelan mbukak lawang kuwi dhisik. Sawise kemancing, lagi Deri maspadakake kahanane ruwangan ngarep mau” (Brata, 2014:44)

Kantheni cekatan, Deri maspadakake kahanan saka papan pandhelikane. Bareng wis dirasa aman, dheweke gagean mlebu omah, lawange dikancing. Tumindake Deri sing cekatan mau dilandhesi saka tumindake para brandhal, supaya yen sak wayah-wayah bajingan-bajingan kuwi bali, kudu kangelan mbukak lawang dhisik.

Nduweni Semangat Gedhe

Semangat Deri kanggo mbrastha para mungsuhe diwiwiti saka catune sisihane aran Santanu. Saka prekara kuwi, ndadekake Deri nduweni semangat kanggo males apa sing wis ditindakake dening para penjahat bengi kuwi. Pethikan semangat Deri bisa kawawas saka gambaran ing ngisor iki.

“Mboten asrep ta, ngagem ageman tipis cingkrang ngaten?” Baiyah kober takon, weruh Deri mung nganggo klambi rangkepan warna biru kawit mau.

“Ora ki! Pertempuran durung rampung, adheme hawa ora ngalangi trajangku!” wangsulane Deri tetep semangat, lan pancen ora ngrasakake adhem babar pisan.” (Brata, 2014:46)

Baiyah sing wis ngelingake Deri yen agemane kuwi cingkrang, prasasat ora digape dening Deri. Upaya kanggo mbrastha mungsuhe wengi kuwi kudu ndang dirampungake, senjata gawe klambi tipis kuwi ora nyuda semangat Deri. Adheme hawa ora ngalangi trajange Deri, lan tetep semangat.

Katiasane Deri Karnasih

Katiasane Deri Karnasih kanggo nglawan para mungsuh pranyata ora mung siyasat sing abal-abal. Dheweke kanthi setiti ngati-ngati tumindak kaya detektif wadon sing nyelidhiki kasus-kasus kadurjanan. Carita detektif bisa ditegesi minangka carita ngenani kadurjanan kang kasingit lan ana paraga detektif kang ngupayakake wudhare wewadi. Bab wewadi ing carita detektif kuwi nggambarake kanyatan sing durung kawiyak. Kadurjanan sajrone carita detektif biyasane njalari anane rajapati.

a) Nggembos Sepedha Motor

Novel DILK iki nyritakake katiasane paraga Deri Karnasih. Dheweke sejatine dudu detektif sing wis diwedhar ing ndhuwur mau, nanging Deri ing kene mung kadidene paraga kang pinunjul sing ngupayakake keslametan kulawargane marang pamberontake para durjana sing ndhayoh ing lojine. Pethikan sing nggambarake katiasane Deri mawa siyasat-siyasat kanggo mbrastha mungsuh bisa diwawas kaya mangkene.

“Heh, sing ringkih bane. Bane wae dikempesi. Gampang. Ora bakal mental wong numpak sepedhah montor karo bane sing kempes kae. Deri ndhodhok ing ban ngarep sawenehe Astrea. Digrayangi pentile. Weeesss-ss! Suwarane ban ngempes, dudu Deri sing ewes-ewes. Sanajan ijen ing petengan, Deri ya rumangsa raine klejangan.” (Brata, 2014:43)

Deri nduwe pikiran anyar kanggo nglumpuhke mungsuh. Ing antarane yaiku kanthi cara nggembos ban sepedhah montor kaya sing wis diandharke ing pethikan mau. Arep golek watu, kelingan ana sepedhah montore mungsuh sing ketinggalan ing pekarangan loji. Dheweke terus kelingan Dra. Budiwarni, psikiater ing Majalah Wadon, yen wong wadon ditodhong durjana, arepa gelut mesthi akeh kalahe. Mula luwih becik gage jerit-jerit karo rusak tumpakane si durjana. Eling pitutur kuwi, mula Deri nyedhaki sepedhah montore para brandhal mungsuh. Kendharaan kuwi kudu dirusak supaya ora bisa mlaku. Bab mau laras karo sipate Deri sing cerdhas.

b) Nyawatake Linggis Piranti Kerekan Manuk

Katiasane Deri sing kaya mangkono mau ora liya saka sipate Deri sing kendel, lan pinter. Deri rumangsa yen dheweke klejangan. Ora ana tujuwan liya, ya mung siji kabeh kuwi mung kanggo nglumpuhke mungsuh, kanggo tujuwan sing apik. Saliyane nggembos ban sepedhah montor, dheweke uga nggunakake cara luwih mantep kanggo nglumpuhke mungsuh yaiku kanthi nggunakake piranti kerekan manuk. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Heeh, pikiran anyar. Tali kerekan manuk mau pucuke sing ngisor ditaleni karo linggis. Terus linggis mau ditarik karo tali rafia menyang arah lawang ruwangan ngarep. Linggis cencangan gumandul horizontal. Yen tali rafiane

diuculi lan linggise disawatake utawa dibandhulake, wer, linggis bakal ngawang, tumuju menyang ngisor cagak pring piranti kerekan manuk.” (Brata, 2014:47)

Siyasat anyar muncul ing pikirane dyah ayu Deri, yaiku nggunakake piranti kerekan manuk. Senajan mung tenagane wong wadon, saora-orane bisa melu nggebug-nggebug sirahe mungsuh nganggo piranti atos mau. Senajan tenaga wadon, yen ngeprukake linggis ing sirah, mesthi bisa gawe lumpuhe grombolan mungsuh. Panase ati ngalahake adheme hawa bengi.

c) Umpetan

Saliyane nggunakake cara kalorone mau, Deri uga nggunakake siyasat kang ora kalah mandine. Kareben mungsuh bisa kapok, dheweke nduwe siyasat umpetan. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Deri wurung nyerbu. Kasep! Tanpa pikir, kaya insting, sadurunge wong-wong menangan kuwi ngatur siyasat liya lan ngonangi Deri, luwih becik Deri umpetan. Slenther. Ben saiki mlayu ngadohi, wong durung siyap tempur. Ora saiki ya liya wektu. Deri arep mbales dhendham, yen Deri wis siyap.” (Brata, 2014:43)

Saka pethikan mau kagambar yen sadurunge ana siyasat, luwih becik Deri umpetan. Embuh kapan nyerang mungsuh, nanging yen ana wektu sing trep bakal diwales dening Deri. Nyerang wis siyap, samekta, waspada, lan prayitna sadurunge, luwih kerep menang ketimbang diserang gragaban utawa katimbang kadheseg dhisik.

d) Nyuntak Oli

Maneka warna siyasat sing wis diatur dening Deri Karnasih, akeh-akehe ora blenja. Kabeh siyasat mau prasasat kena mungsuh kabeh. Siyasat kang pungkasan sing digawe dening Deri Karnasih yaiku kanthi piranti oli.

Pethikan sing nuduhake yen Deri nggunakake piranti olie kanggo nglawan para mungsuh kaandharake ing ngisor iki.

“Oraa. Karepku sing giliran teka saiki aja Pak Dulkarim. Marga yen dheweke sing teka numpak sepedhah, bisa cilaka!” muni ngono Deri karo njujug jerigen isi olie setengah luwih menyang ngarep lawang pager, terus olie sing digawa disok ecer-ecer nganti rata ing ngarepe lawang pager kang alus lan anjer. Kepara sing tengah diakehe.” (Brata, 2014:76)

Saka pethikan mau, cetha yen Deri nggunakake olie kanggo nglumpuhke mungsuh sing arep mara menyang loji. Olie disuntak menyang ngarep lawang

pager, kareben mungsuhe tiba dlosoran sadurunge mlebu loji. Apa sing disusun Deri pranyata ora geseh karo apa sing ana ing pikirane. Siyasat mangkono mau bener kedadeyan.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan asiling panliten bab kadurjanan kanthi titingan Psikologi Sastra mligi ing Psikologi Sosial, bisa didudut telung perangan. Sepisan, gegambaran ngenani wujud kadurjanan sajrone novel DILK kang bisa diperang dadi limang gegambaran kadurjanan, yaiku 1) merjaya, 2) nyolong, 3) ngruda peksa, 4) nggunakake gaman, 5) lan nyerang. Kadurjanan mujudake bab kang nglanggar ukum pidana. Saliyane nglanggar ukum pidana lan bisa ngrugekake liyan, bab mau ora laras karo etika lan moral sajrone masyarakat.

Kaloro, sing njalari dumasane kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil* ana papat, yaiku 1) nuju ing kebebasan, 2) frustrasi-penyebab kuat anane agresi, 3) faktor psikologis, lan kang pungkasan anane faktor sosial. Ing kene, frustrasi penyebab kuat anane agresi bisa diperang maneh dadi telu. Agresi bisa disebabake ing antarane yaiku saka frustrasi iku dhewe, tumindak kasar ing media, lan ngombe inuman kang mendemi. Perangan sabanjure, faktor psikologis ana rong penyebab, yaiku kurange tingkat pendhidhikan lan ora bisa ngendhalekake awake dhewe. Faktor sing njalari kadurjanan sabanjure yaiku faktor sosial. Faktor sosial kuwi mau bisa disebabake saka pangaribawane kanca.

Katelu, pamungkasing utawa carane paraga utama kanggo nyegah para mungsuhe ana telung cara. Katiyasane paraga utama kanggo mbrastha para durjana ing antarane, yaiku 1) kanthi cara nggembos sepedhah montore penjahat, 2) nggunakake gaman yaiku kerekan manuk kanthi ditaleni karo linggis banjur dikeprukake ing siraha penjahat, 3) kanthi cara umpetan supaya penjahat ora ngerteni pandhelikane, pungkasan kanthi nggunakake piranti olie kanggo nglumpuhke para mungsuhe. Kanthi siyasat lan kaprigelane paraga utama, tindak durjanane penjahat-penjahat mau bisa dipungkasi. Anane katiyasane paraga utama mau, ora uwal saka sapa sejatine parag utama wanita ing novel iki. paraga utama aran Deri bisa nduweni kaprigelan kaya mangkono mau amarga saka sipat-sipate dheweke ing antarane, yaiku 1) wanita pinter/ cerdhas, 2) kendel, 3) cak-cek/ cekatan, 4) nduweni semangat juang kang gedhe. Saka andharan mau bisa didudut yen paraga Deri nduweni kaprigelan lan katiyasan kanggo mbrastha para mungsuhe.

Akeh pawadan sing njalari wong kanggo tumindak kasar sing akhire nindakake kadurjanan. Kacingkrangan sing dadi penyebab utama anane kadurjanan. Salah sawijine faktor sing njalari tindak kriminal yaiku anane faktor psikologis. Tindak kadurjanan bisa kawujud amarga anane bab-bab sing asipat psikologis, kayata kurange pendhidhikan, ora bisa ngendhalekake awak bisa ndadekake pawongan mau tumindak durjana.

Saka telung perangan mau bisa dingerteni yen kadurjanan sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil*

anggitane Suparto Brata bisa disebabake saka anane rasa frustrasi. Frustrasi bisa kedadeyan amarga anane alangan kanggo nggayuh tujuwan, kabutuhan, pepinginan, pangarep-arep utawa tumindak tartamtu. Psikologi Sosial kang mawas agresi ngandharake, yen agresi tuwuh saka anane frustrasi.

5.1 Pamrayoga

Babagan psikologis sing dumunung ing karya sastra ndadekake samubarang sing narik kawigaten kanggo diteliti, amarga ana faktor psikologis sing dumunung antaraning sastra lan kasunyatan. Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan, amarga mung diwatesi ing saperangan wujud keadurjanan lan faktor penyebab kadurjanan. Ewa semana, panliten iki diajab bisa menehi sumbangsih tumrap panliten liyane.

Panliten ngenani penyebab kadurjanan saka faktor psikologis sajrone novel *Dahuru ing Loji Kepencil* anggitane Suparto Brata iki isih ana kekurangan lan kaluputane, mula panliti nduweni pangajab supaya panliten sabanjure bisa katindakake kanthi luwih sampurna. Tumrap para pamaos diajab bisa paring pamikiran anyar nalika ngripta karya sastra, lan bisa dadi bahan ajar kanggo pasinaon kanggone para siswa ing sekolahan.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1986. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian (Suatu Pendekatan Praktik)*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Atkinson, Rita L, dkk. 2009. *Pengantar Psikologi*. Batam: Interaksara.
- Baron, Robert & Byrne. 2005. *Psikologi Sosial Edisi Kesepuluh Jilid 2*. Jakarta: Erlangga.
- Brata, Suparto. 2014. *Dahuru Ing Loji Kepencil*. Yogyakarta: Azzagrafika.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Hendrojono. 2005. *Kriminologi Pengaruh Perubahan Masyarakat dan Hukum*. Surabaya: Srikandi.
- Jayanti, Efi Tri. 2014. *Kadurjanan Ing Jagading Jurnalisme Sajrone Novel Sang Pangeran Pati Anggitane Fitri Gunawan: Titingan Sosiologi Sastra*. Surabaya: Skripsi tidak diterbitkan.
- Kartono, Kartini. 2007. *Patologi Sosial Jilid 1*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Khotimah, Khusnul. 2012. *Motif Psikologis Paraga Priya Sajroning Cerbung Rajapati ing Pereng Wilis*. Surabaya: Skripsi tidak diterbitkan.
- Mustika, Ika. 2009. *Motif Interaksi Sosial Sajrone Novel Bekasi Remeng-Remeng Anggitane Suparto Brata (Titingan Psikologi Sosial)*. Surabaya: Skripsi tidak diterbitkan.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Kajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Merti Press.
- Qadiry, Abdullah Ahmad. 1993. *Manusia dan Kriminalitas*. Jakarta: Pustaka Al-Kautsar.
- Rahayu, Ratna. Diunduh Tanggal 17 Mei 2015. <https://www.google.com/search?ie=UTF->

- [8&source=android-browser&q=7+wanita+=pejuang+indonesia](#)
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____ 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Simaremare, Alberto. Diunduh Tanggal 19 Mei 2015. <https://www.google.com/search?ie=UTF-8&source=android-browser&q=pendidikan+diindonesia+=sekarang+indonesia>
- Soekanto, Soerjono. 2012. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: CV. Rajawali.
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Basa Jawa.
- Ulinnuha, Ahmad Dwi. 2010. *Aktualisasi Dhiri Paraga-Paraga Utama sajrone Kumpulan Crita Cekak Pulo Asu Anggitane Herwanto: Tintingan Psikologi Humanistik*. Surabaya: Skripsi tidak diterbitkan.
- Utafiya, Reka. 2011. *Aspek Kriminologi dalam Cerbung Salindri Kenya Kebak Wewadi Karya Pakne Puri*. Surakarta: Skripsi tidak diterbitkan.
- Wellek, Rene & Austin Werren. 1990. *Teori Kasusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.